Pou Piblikasyon Imedya: 22/06/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE ACHÈVMAN NOUVO ZÈL TANG NAN THE NEW YORK HISTORICAL LA SOU CENTRAL PARK WEST

Plis pase 14 milyon dola finansman Eta Nouyòk te soutni agrandisman prèske 175 milyon dola a

Nouvo zèl apeprè 6,600 mèt kare (71,000 pye kare) a make premye gwo agrandisman kanpis mize a nan prèske yon syèk, epi li pral ouvri pandan nasyon an ap prepare pou selebre 250yèm anivèsè li

Pwojè a ajoute nouvo galri, espas pou konsèvasyon ak koleksyon, salklas, zòn rasanbleman deyò ak lokal ki pral American LGBTQ+ Museum lan alavni

Gade foto agrandisman an isit la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse achèvman nouvo Zèl Tang pou Demokrasi Ameriken (Tang Wing for American Democracy) an nan The New York Historical la, yon agrandisman transfòmatè 6,600 mèt kare (71,000 pye kare) pou premye mize Vil Nouyòk la ak youn nan enstitisyon kiltirèl ak rechèch ki pi enpòtan nan peyi a. Sitiye nan 170 Central Park West, pwojè 175 milyon dola a reprezante premye agrandisman kanpis istorik mize a nan prèske yon syèk epi l ap ogmante anpil kapasite li pou ekspozisyon, edikasyon, prezèvasyon koleksyon ak pwogram piblik. Pwojè a te resevwa 9.25 milyon dola nan men Empire State Development, ansanm ak 5 milyon dola nan men Konsèy Zèv Atistik Eta Nouyòk (New York State Council on the Arts) la.

"Enstitisyon kiltirèl Nouyòk yo rakonte istwa nou yo, ranfòse kominote nou yo epi bay ekonomi touris nou an fòs," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan plis pase de syèk, The New York Historical te prezève listwa eta nou an ak nasyon nou an, epi nouvo Zèl Tang lan pral asire plizyè milyon vizitè, elèv, entelektyèl ak fanmi kapab kontinye aprann nan listwa sa a pou jenerasyon k ap vini yo. Pandan nasyon nou an ap prepare pou selebre 250yèm anivèsè li, agrandisman sa a reyafime wòl Nouyòk kòm yon kapital mondyal pou kilti, edikasyon ak lide."

Prezidan, Direktè Egzektif Jeneral, ak Komisè Empire State Development, Hope Knight, te deklare, "New York Historical se youn nan pi gwo poto mitan kiltirèl ki pi presye pou vil la ak eta a, li atire vizitè ki soti toupatou nan mond lan pandan l ap sèvi elèv, edikatè, chèchè ak fanmi nan senk awondisman yo. Nouvo Zèl Tang lan pral elaji aksè ak listwa, ranfòse ekonomi touris Vil Nouyòk la epi kreye nouvo opòtinite pou

aprantisaj ak patisipasyon nan yon moman ki gen enpòtans nasyonal. Envestisman sa a, ki fèt anba lidèchip Gouvènè Hochul, montre enpòtans mize ak enstitisyon kiltirèl yo genyen nan ankouraje aktivite ekonomik, soutni djòb lokal yo epi anrichi kalite lavi nan kominote nou yo."

Direktè Egzekitif Konsèy Zèv Atistik Eta Nouyòk la, Erika Mallin, te deklare, "Reyalizasyon ekstraòdinè sa a pral elaji epi elve diskisyon sou listwa nasyon nou an pou jenerasyon k ap vini yo. Pandan plis pase 200 ane, The New York Historical kontinye enspire moun k ap aprann tout laj, pandan l ap selebre viktwa nou yo epi egzamine batay nou yo. Zèl Tang Wing pou Demokrasi Ameriken an kontinye angajman sa a anvè listwa nou ki rich ak konplèks, pou asire chak Ameriken kapab antre nan pòt sa yo epi wè tèt li reprezante isit la."

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral The New York Historical, Doktè Louise Mirrer, te deklare, "Zèl Tang pou Demokrasi Ameriken nan The New York Historical pral ede jenerasyon Nouyòkè yo apwofondi konpreyansyon yo sou demokrasi ak angajman sivik. Nou rekonesan anvè Gouvènè Hochul, Empire State Development, Konsèy Zèv Atistik Eta Nouyòk la, ak DASNY pou sipò yo bay agrandisman nou an pandan n ap kontinye misyon nou pou edike piblik la sou enpòtans listwa Ameriken."

The New York Historical ki te fonde an 1804 se premye mize Vil Nouyòk ak yon bibliyotèk rechèch ki gen renome nasyonal, ak koleksyon ki gen ladan plis pase 14 milyon zèv atistik, objè istorik, dokiman ak materyèl pasajè ki kouvri kat syèk listwa Ameriken. Koleksyon li yo dokimante fondasyon Etazini, evolisyon Nouyòk ak istwa moun ak kominote ki te fòme nasyon an.

Nouvo Zèl Tang lan pral gen gwo nouvo espas kiltirèl ak edikatif, tankou Klingenshtein Family Gallery, yon nouvo sal ekspozisyon ki pral prezante koleksyon renome atizay ameriken The Historical la ak nouvo ekspozisyon; Stuart and Jane Weitzman Shoe Museum, ki dokimante de syèk lavi fanm ameriken atravè soulye istorik; nouvo depo enpòtan sou plas pou Patricia D. Klingenstein Library, ki genyen Robert A. Caro Archive, *Time* Inc. Archive, Billie Jean King Archive ak plizyè milyon maniskri, kat, foto ak enpresyon; epi yon etablisman konsèvasyon dènye kri pou penti ak objè istorik. Katriyèm etaj la pral vin nouvo lokal American LGBTQ+ Museum, premye mize nan peyi a ki dedye a listwa ak kilti LGBTQ+, epi li prevwa ouvri an 2028.

Anplis nouvo zèl ki fèk konstwi a, pwojè a te gen ladan renovasyon plis pase 2,800 mèt kare (30,000 pye kare) espas mize ki deja egziste a. Agrandisman an ajoute nouvo galri, salklas, zòn koleksyon, yon teras sou do kay ak yon lakou, epi li te fèt pou kenbe epi elaji estil Beaux-Arts kanpis istorik mize a. Pwojè a te pousuiv tou Sètifikasyon LEED Gold epi li gen ladan ekipman HVAC (Chofaj, Vantilasyon ak Klimatizasyon) dènye kri ki prevwa diminye konsomasyon enèji.

Agrandisman an pral soutni tou pwogram edikasyon The New York Historical yo, tankou pwogram rezidans sivik Akademi Chang Chavkin pou Demokrasi Ameriken (Chang Chavkin Academy for American Democracy) li a. Avèk salklas adisyonèl yo ak kapasite

pwogramasyon ki elaji a, mize a prevwa fè pwogram nan grandi soti nan anviwon 5,000 elèv sizyèm ane li sèvi chak ane rive nan apeprè 30,000 elèv pa ane. Pwogram edikasyon The Historical yo kounye a rive atenn plis pase 300,000 elèv ak edikatè chak ane epi yo ede soutni kourikoulòm syans sosyal Depatman Edikasyon Vil Nouyòk la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU